



Tanpri patisipe avèk nou nan yon sesyon enfòmasyon vityèl sou admisyon nan lekòl primè

Chè fanmi,

Patisipe avèk nou nan yon sesyon enfòmasyon vityèl sou admisyon nan lekòl primè.

Nou envite tout fanmi Vil Nouyòk ki gen timoun ki fèt an 2019, 2020, ak 2021 pou vin patisipe nan yon sesyon enfòmasyon vityèl k ap pale sou admisyon nan pwogram 3-K, pre-K, ak kindergarten (ki gen ladan admisyon pou Timoun ki gen don ak talan (Gifted & Talented, G&T). Aprè prezantasyon an, n ap reponn kesyon ou genyen.

Pandan chak sesyon, nou pral gide w nan chak pwosesis admisyon lekòl primè yo. Nou pral eksplike kòman pou jwenn enfòmasyon sou lekòl ak pwogram, ak priyòrite yo, lè w itilize anyè lekòl sou entènèt la nan [MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov). N ap pale sou kòman pou kreye yon aplikasyon solid ak balanse, ak kòman pou aplike. Tanpri sonje aplikasyon kindergarten lan fèmen kounye a; pandan sesyon an nou pral pale sou lisdatant pou fanmi ki rate delè a.

Tout sesyon yo ap fèt nan lang anglè ak langaj an siy pou moun ki bèbè/soud (American Sign Language, ASL), avèk entèpretasyon nan diferan lang. Chak sesyon yo ap bay menm enfòmasyon an, donk ou pa bezwen ale nan plis pase yon aktivite.

- **7 fevriye, 2pm rive 3pm** | Sesyon an ap fèt nan lang anglè. Ap gen entèpretasyon nan lang: Panyòl, bangla, koreyen
- **15 fevriye, 6pm rive 7pm** | Sesyon an ap fèt nan lang anglè. Ap gen entèpretasyon nan lang: ris, kreyòl ayisyen, arab

Kòman pou patisipe:

Chak sesyon ap fèt andirèk (live). Patisipe avèk nou sou Zoom nan lè sesyon an ap kòmanse a, lè w klike la a: <https://bit.ly/ESEvents2023-2024>

- ID Webinar: 939 3029 2133
- Modpas: 123456
- USA: +16469313860
- Pou odyo nan telefòn:
 - Liy konferans: 93930292133#
 - Modpas: 123456#



- **Pou entèpretasyon:** Ale sou [Schools.nyc.gov/ESEvents](https://schools.nyc.gov/ESEvents) avan aktivite a kote ou pral jwenn nimewo telefòn pou rele pou jwenn entèpretasyon.

Ou p ap ka patisipe, oswa ou ta renmen gen plis enfòmasyon?

- Ale sou [sitwèb aktivite](https://schools.nyc.gov/ESEvents) nou an (schools.nyc.gov/ESEvents) kote ki gen yon anrejistreman prezantasyon sa a ki disponib.

Bòn chans,

Ekip admisyon nan lekòl primè
Biwo enskripsyon elèv